

1ye desanm 2021

Chè fanmi,

Depi mwa mas, mwen te gen onè pou m ofri sèvis mwen kòm Chanselye pou tout lekòl, edikatè, kominate, fanmi enkwayab nou yo, ak sa ki pi empòtan an ankò timoun ou yo ki konpoze Depatman Edikasyon Vil Nouyòk, (New York City Department of Education, NYCDOE). Jodi a, m ap fè nou konnen nouvèl dous ak anmè ke mwen pral kite wòl ak fonksyon Chanselye mwen genyen an nan fen ane a.

Pi gwo mesaj mwen jodi a se gratitud - mèsi pou konfyans, pasyans, jantiyès ak angajman pou lekòl nou yo ou te montre pandan kèk mwa pase yo. Avèk kolaborasyon w, nou fè anpil bagay ansanm pou akeyi elèv yo ankò pou yon ane lekòl ki pa tankou lòt yo – ane retwouuvay sa a.

Kòm manman yon timoun ki gen laj pou ale lekòl, mwen konnen retounen lekòl konplètman anpèsòn lan te pote ni kè kontan ni difikilte kèk fwa. Apre yon gwo pandemi konsa, lè timoun nou yo bezwen tout gwo sipò akademik ak swen emosyonèl, nou te bezwen tout yon vilaj pou bay sipò elèv nou yo merite. Mwen kontan nou te fè tout posib nou, ak gide nasyon an nan reouvri chak gress lekòl nan tout sekirite pou aprantisaj anpèsòn pou garanti timoun nou yo resevwa sipò ak atansyon yo te merite a.

Kantite travay ki te fèt pou sipòte tout elèv pat ka reyalize avèk yon gress moun oswa lidè. Kèk nan priyorite ak inisyativ mwen konnen ki pral kontinye gen ladan:

- 1. KENBE ANVIWÒNMAN SEN KOTE KI GEN SANTE AK SEKIRITE:** Vil Nouyòk se lidè nasyon an nan ni kote w jwenn 100% manm estaf lekòl ak edikatè ki vaksinen, ak ni fanmi ki plis ap gen aksè nan opòtinite pou fè timoun ki gen laj 5 ane oswa pi gran vaksinen. Nan kèk dènye semèn yo sèlman, lekòl nou yo ede vaksinen plis pase 43,000 elèv kont COVID-19. Si w potko fè pitit ou a vaksinen, li pa twò ta! Ale sou schools.nyc.gov/coronavirus pou jwenn kote tou pre w ak pou pran yon randevou.

Mwen santi m fyè pou desizyon nou te pran nan Vil Nouyòk pou bay aprantisaj elèv anpèsòn priyorite epi mwen santi m rekonesan pou konfyans ak kolaborasyon paran ak edikatè yo nan fè sa vin tounen yon reyalite pou elèv nou yo. Pwogrè pa posib san w pa patisipe aktivman; fè pitit ou a vaksinen se yon eleman santral nan abilité nou pou kenbe yon anviwònman lekòl an sante ak ansekirite.

Gras avèk mezi nou pran yo tankou ogmantasyon vaksinasyon, tout moun mete mas, tcheke eta sante chak jou ak tès chak semèn pou elèv, nou reyisi kenbe to pozitivite a trè ba nan 0.24% epi diminye deranjman aprantisaj la ane sa a. Nou pral kontinye kontwole sitiyasyon an ak pran mezi pou kenbe lekòl yo ouvri pou timoun ou yo. Mwen ankouraje w ale sou schools.nyc.gov/coronavirus pou jwenn dènye enfòmasyon sou pwotokòl sante ak sekirite COVID-19 nan lekòl nou yo, mizajou pou tès ak vaksinasyon, ak lòt bagay ankò.

- 2. CHÈCHE KONNEN BEZWEN EDIKASYON PITIT OU:** Nan kòmansman ane lekòl sa a, li te empòtan pou n konnen nan ki nivo elèv yo te ye ni sou plan akademik ni sou plan emosyonèl, pou nou te ka ba yo resous ak yon sipò ki adapte pou satisfè bezwen yo. Pou fè sa a, edikatè nou yo te kòmanse itilize nouvo ‘evalyasyon’ akademik, sosyal ak emosyonèl nan tout lekòl nou yo ane sa a. Zouti sa yo bay pwofesè yo kèk opòtinite san gwo efò pou jwenn yon ide sou pwen fò ak bezwen elèv yo pou yon peryòd presi nan ane akademik la, konsa nou ka mete yo an kontak avèk bon jan resous oswa entèvansyon ki adapte pou sipòte aprantisaj ak fòmasyon yo. Nou ankouraje w pou travay avèk lekòl ou

ak pwofesè w yo pou jwenn plis enfòmasyon sou zouti sa yo, epi pou travay ansanm pou itilize rezulta yo pou ede konprann ak ofri sa elèv nou yo bezwen.

- 3. ENVESTI NAN NOUVO SIPÒ AK RESOUS POU ELÈV:** Jan nou te fè konnen l nan mwa jiyè a, nou ap envesti plizyè santèn milyon dola Plan sovtaj ameriken an (American Rescue Plan) ane lekòl sa a sou fòm nouvo resous ak manm estaf anplis - tankou travayè sosyal, pwofesè ak antrenè literacy - pou tout elèv nan lekòl NYCDOE resevwa zouti ak sipò yo bezwen pou pwogrese.

Domèn entèvansyon nou yo gen ladan: nouveau finansman sosyal ak emosyonèl pou ede elèv yo geri sou pwoblèm ane pase yo, finansman akademik pou devlope ak fè kapasite literacy pitit ou a yon priyorite, plis sipò edikasyon espesyal pou elèv ki gen yon andikap, ede elèv lekòl segondè prepare pou kolèj ak karyè, epi asire ke tout elèv aprann materyèl yo enterese ladan ki reflete ki moun yo ye pandan tan y ap pase nan lekòl nou an avèk nouveau kourikoulòm ki anglobe tout kilti nou an. Jwenn plis eksplikasyon la a: schools.nyc.gov/about-us/funding/

Finalman, mwen vle remèsyе w tousenpleman ankò pou tout bagay ou fè pou pitit ou ak lekòl nou yo. Nou travay di chak jou pou sipòte fanmi ak kolèg nou yo pou yo rejwenn yon woutin nòmal pandan n ap rekonèt moman sa a nan istwa kòm yon tan kritik pou pote chanjman enpòtan tou nèf ki reponn pi byen avèk bezwen elèv nou yo. Nou pa ta ka fè sa a san kolaborasyon w, epi mwen gen anpil gratitud pou konfyans ou mete nan DOE ak nan mwenmenm.

Kolaborasyon w fè l posib pou kenbe elèv nou yo ansante ak ansekrite, pou konprann pi byen bezwen edikasyon yo pi byen toujou, ak pou bay zouti ki pi solid ak dirab pou satisfè gwo potansyèl yo genyen. Malgré yon ane edmi difisil nou pase, mwen kwè nou gen yon bèle opòtinite pou aprann sou eksperyans nou fèk fè yo epi pou avanse nan nan direksyon yon pi bon avni pou timoun nou yo. Mwen konnen pwochen administrasyon an pral pataje angajman sa a, epi mwen pral travay nan bon jan kolaborasyon avèk pwochen Chanselye a pou garanti yon eksperyans pozitif, akeyan, ak sèten pou tout timoun kontinye ane sa a ak apre.

Nan kolaborasyon,



Meisha Porter
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk